

Edikasyon ak lang nan divès pwopozisyon plan rekonstriksyon d Ayiti 2010

Fowòm sou rekonstriksyon nasyonal, 8-10 jen 2010

Pwof. Lemèt Zefi¹

Premye koze

Tranbleman tè 12 janvye 2010 la se yon opòtinite tout Ayisyen k ap reflechi sou sitiyasyon peyi a anvi esplwate pou n chanje reyalite dwòl ki te déjà la men ki vin pi grav apre katastwòf la. Plizyè pwopozisyon plan rekonstriksyon/refondasyon/konstriksyon divès gwoup òganize prepare yo se yon siy ki montre yo kontinye kwè Ayiti kapab pi bon.

M ap analize aspè lengwistik ak edikasyon pwopozisyon 5 sektè diferan : *Plan d' action pour le relèvement et le développement d' Haïti* gouvènman ayisyen an(PARD), *Propositions préliminaires Groupe de réflexion et d'action pour une Haïti nouvelle* (GRAHN), *Proposition de la Plateforme des Patriotes Haïtiens* (PLAPH), *Plan stratégique de sauvetage national : pacte intergénérationnel de progrès et de prospérité 2010-2035/construisons ensemble un pays sur de nouvelles bases* yon gwoup entelekyèl, politisyen ak manm sosyete civil la prepare, ak *Forum économique du Secteur Privé* ki soti nan sektè biznis lan. M ap gade pwopozisyon ki menm ak sa ki diferan sou kesyon lang ak edikasyon nan divès plan sa yo (Èske nou ka rele yo tout plan ?). Epi m ap vini ak kèk lide pou Ayiti refè/refonde lekòl, sistèm edikatif la nan tout nivo, etan n ap pran kesyon lang ak kilti a o serye, olye pou nou annik rebati lekòl.

Divès «plan » m analize yo antre nan 3 kategori : konsèvasyon, amelyorasyon ak refondasyon. Plan ki pwopoze pou yo remete sistèm lekòl ki te la anvan tranbleman de tè a kanpe yo nan kategori konsèvasyon. Sa ki pwopoze pou yo entegre kèk nouvo eleman konesans nan kourikoulòm lekòl la, tankou enfòmasyon sou tranbleman tè, sou ouragan ak siklòn, adaptasyon fòmasyon lekòl ap bay pou prepare elèv/etidyan pou mache travay la, pa egzanp, nan kategori amelyorasyon. Sa ki pwopoze yon lòt kalite lekòl nan kad definisyon yon sosyete modèn antre nan kategori refondasyon.

1. PARDH, PLAPH, FEST : rebati lekòl

Nan seksyon 3. **La Vision et les orientations pour la refondation d' Haïti (p.8-9)**, plan gouvènman an pale : « *d' une société apprenante dans laquelle l' accès à l' éducation de base, la maîtrise des qualifications dérivant d' un système de formation professionnelle pertinent, et la capacité d' innovation scientifique et technique nourrie par un système*

¹ Li pibliye nan **Wilson Dorlus (dir)**, *Entre refondation et reconstruction: les problématiques de l'avenir post-sismique d'Haïti*, Actes du colloque organisé à Port-au-Prince par l'Université d'État d'Haïti, 8-10 juin 2010, p. 257-264.

universitaire efficace, façonnant le nouveau type de citoyen dont notre pays a besoin pour sa refondation. (p.8). Lektè yo kapab etone wè kanpay alfabetizasyon parèt nan premye liy done bidjè pou seksyon 4.3.3. nan domèn *Protection sociale*. Yo ta kapab mande kouman yon alfabetizasyon ki pa t mache nan tan nòmal ap rive fèt nan peryòd ijans lan (Lwa eta d ijans lan valab pou 18 mwa). Yon lòt kesyon serye mache ak reyalite tout moun ka konstate : Nan ki lokal kanpay alfabetizasyon sa a pral fèt piske 5 mwa gen tan pase, pi fò fakilte leta po ko menm kòmanse fè kou poutèt kesyon lokal, anpil lekòl prive kou piblik gen menm pwoblèm nan. Konfizyon sitiyasyon ijans ak nòmalite sa a bay enpresyon nou nan rèv.

Lide sou edikasyon fòmèl ki nan p. 8 yo reparèt sou lòt fòm nan p.9. seksyon **4.3.4. Éducation: rentrée scolaire, construction des écoles**, p.34-35, mwens pase demi paj, konsantre l sou rantré lekòl la epi li fini ak 2 bout fraz ki sanble abòde kesyon refondasyon an :*(...) mettre en place les bases de la reconfiguration du système éducatif; (...) reconfigurer l'offre de formation* (p.8).

PLAPH ak FESP pale de kesyon edikasyon an yon fason vag : PLAPH annik di plan gouvènman an prèske pa di anyen sou reyouvèti lekòl la [p.3², 1], li annik mete «*les lycées*», «*campus universitaires* » nan 4 rejyon, *bibliyotèk depatmantal* nan faz III sou «*Redécoupage administratif communal* » (p.12). FESP pale de amelyorasyon kalite edikasyon, edikasyon pou tout moun, prepare élèv/etidyan pou mache travay (FESP, p.3), nan kèk bout fraz ki mwens pase yon paragraf. Gregori Brant, ki te vin prezante li nan fowòm nan rekonèt sektè li a pa t fè okenn chanjman enpòtan nan dokiman an yo te prepare depi an 2009.

Tou le twa pwopozisyon sa yo vle remete lekòl tradisyonèl 12 janvyé te kraze a kanpe ankò. Bèl pawòl plan gouvènman an pa diferan de sa ki nan kourikoulòm ministè Edikasyon nasyonal depi fen epòk 1980 yo lè yo te prezante yon kourikoulòm nan kad apwòch pedagoji pa objektif la. Sèl nouvote a se rebati/bati lòt lokal. Yon seri kesyon enpòtan vin nan tèt mwen nan etap sa a : Èske rebati lokal lekòl ki kraze ase kapab refonde sistèm edikatif ayisyen an? Ki jan n ap rebati lokal piblik yo an jeneral apre plizyè milye moun tout laj, tout nivo, ki pèdi pye yo osinon men yo nan tranbleman tè 12 janvyé a ki ban nou prèske 1.000.000 andikape an tou?

2. GRAHN ak FEST: amelyore lekòl

GRAHN adopte yon seri rekòmandasyon *Comité d'union et de support aux municipalités (CUMS)* ki mete lokal lekòl nan lis biling piblik estratejik yo dwe ranfòse, rekonstwi an premye (2.A.1., p.12) epi li fè pwopozisyon pa li.

Nan **domèn # 1 sou òganizasyon teritwa a ak anviwònman**, GRAHN entegre kèk eleman edikatif nan plizyè lòt domèn kle ki fondamantal : enfòmasyon ak difizyon konesans sou

² Se mwen ki mete nimewo paj pou facilite lekti a: tèks PLAPH mwen te resevwa a san nimewo.

anviwònman kòm priyorite # 5 (p. 4), edikasyon sivik depi primè jouk inivèsite sou reskonsablite kolektif ak solidarite sosyal [p26, a]), entegrasyon lekòl ak sant sante, espò ak aktivite sosyal, [p26, e)], (p.7).

Nan **domèn # 5 sou sante piblik ak popilasyon**, GRAHN pwopoze revizyon kourikoulòm ak metòd fòmasyon pwofesyonèl sante san rete (P28, p.7).

Domèn 6. Sou Solidarite ak devlopman sosyal (p. 7) prevwa preparasyon politik edikasyon popilè pou pwomosyon prensip moral sou diyite moun tankou solidarite, kolaborasyon, respè, demokrasi, eks. Jan otè yo di a, se yon apwòch entegre ki mare edikasyon ak plizyè domèn enpòtan.

GRAHN gen 6 pwopozisyon pou sistèm edikatif la : yon sèvis espesyal pou akeyi kolaborasyon pwofesyonèl edikasyon dyaspora a ak kòlèg yo k ap soti nan peyi zanmi Ayiti pou vin fòme pwofesyonèl edikasyon ayisyen (P35, p.8); kreyasyon fon espesyal pou edikasyon leta ayisyen, sosyete civil la ak dyaspora a ap alimante (p.36); fòmasyon a distans (P37); kreyasyon konsèy siperyè inivèsite pou kòdone fòmasyon inivèsite an jeneral ap pwopoze epi pou kontwole kalite yo (P38) ; pwogram estaj pou etidyan ayisyen nan antrepriz manm dyaspora a ap dirije (P39) ; rezo konpetans dyaspora pou koneksyon ak Ayiti ak transfè konpetans (P40). Demach jeneral la gen anpil sans nan epòk y ap pale de pedagoji pa konpetans, entegrasyon, eks., nan edikasyon. Li nan kategori amelyorasyon an.

Fason GRAHN wè tèt li ak kòlèg edikatè etranje nan relasyon yo ak pwofesyonèl ayisyen yo chita sou yon prejije enstitisyon entènasyonal yo konsakre sou Ayiti : etranje ak Ayisyen ki fòme lòt bò ap montre, Ayisyen ann Ayiti ap aprann. Se yon apwòch patènalis ki mande pou nou veyatif.

3. PSSN : refonde lekòl

Plan stratégique de sauvetage national : pacte intergénérationnel de progrès et de prospérité partagés : 2010-2035, (134 paj), se plan ki pi pwofesyonèl nan tout seri a pou plizyè rezon : li poze pwoblèm Ayiti nan tout dimansyon yo ak plizyè direksyon konplemantè pou chak domèn, pou refòme leta, modènize leta an jeneral, dapre «une vision de société articulée autour des valeurs républicaines de progrès et d'humanisme afin de changer Haïti» (p. 8). Apre yon dyagnostik jeneral solid, plan an pwopoze ladrès pou transfòme tout domèn kle pou Ayiti tounen yon peyi nòmal nan tout sans. Konsèp kle yo se: devlopman moun, devlopman dirab, desantralizasyon/dekonsantrasyon, modènizasyon, amelyorasyon kalite lavi, bon kalite edikasyon, fòmasyon san rete, jistis sosyal, prensip moral repiblikien...

Chapit XI la (p. 111-120) chita sou kesyon edikasyon an dapre yon vizyon pou refòme tout nivo sistèm tradisyonèl la, depi preskolè jouk inivèsite, ak yon seri ladrès tankou nouvo kad jiridik, adaptasyon kourikoulòm nan pou 1 konfòme 1 ni ak bezwen devlopman peyi a, ni ak

bezwen monn lan, devlopman fòmasyon teknik ak pwofesyonèl, reyalizasyon kanpay alfabetizasyon ak kolaborasyon lekòl fòmèl la... pou facilite yon chanjman global.

Pwopozisyon PSSN nan yo anbrase tout sa yon sistèm edikasyon ak fòmasyon san rete dwe genyen pou yon soryete modèn : edikasyon pou tout timoun, valorizasyon metye anseyan an, kontwòl kalite edikasyon... nan twa gran direksyon konplemantè: «*I. Edike tout timoun pou eliminate enjistis sosyal/ekonomik; II. Devlope ansèyman teknik/pwofesyonèl pou kore devlopman ekonomik; III. Refòme inivèsite a ak ansèyman siperyè a pou asire soryete a ap devlope nan tout sans epi nan lapè.*» Chak direksyon mache ak anpil objektif jeneral ak pwopozisyon aktivite pratik pou reyalize yo. Plan an tèlman vle efikas pafwa li antre nan twòp detay. Objektif ak pwopozisyon ladrès yo anpil, men manke yon pwopozisyon aplikasyon pa etap. Kwak se yon vrè plan refondasyon, nou pa ka pretann n ap rekòmanse a zewo.

4. Silans sou pi gwo defo sistèm nan

Tou le 5 pwopozisyon yo bèbè sou plizyè gwo defo sistèm edikatif la ki lakòz li sakrifye yon bann milye timoun chak ane, menm si yo tout dakò sou nesesite pou tout moun jwenn lekòl san diskriminasyon. E, tout moun konn sa byen, lekòl nou gen la a chita sou enjistis soyal paske :

- a. Se yon lekòl ki pase mòd, ki fèmen pòt li pou konesans syantifik ak teknoloji etan n ap pale de refòm, modènizasyon, nouveau kalite sitwayen...
- b. Se yon lekòl pou yon ti ponyen moun, yon ti lelit (François, 2010), etan n ap pale de lekòl pou tout moun, nan yon peyi sèlman 1.1% popilasyon an rive nan nivo inivèsite.
- c. Se yon lekòl pou Ayiti, san lang ayisyen, san kilti ayisyen, san koneksyon ak bezwen soryete peyi d Ayiti nan 21yèm syèk sa a, ki fè sitwayen li «fòme» yo rayi sa yo ye pou yo anvi sanble sa yo p ap janm ye! Jan Dejan (2006) rele liv li a, se : «Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba.»

Nan konferans pou ouvè fowòm nan, Pwofesè Lesli Maniga³ te santi li alèz, devan nou tout, devan kamera televizyon, pou li di : «*La créolophonie n' est pas seulement une limitation, mais une infirmité*», «*Les Haïtiens qui ne connaissent pas Socrate et Platon sont des sous-hommes*». Si yon entelektyèl ki nan nivo sa a, yon ansyen prezidan ayisyen, kapab reflechi kon sa, ki sa nou ka espere nan men sistèm edikatif sa a?

Rezulta yo klè : echèk masif chak ane nan egzamen ofisyèl, granmoun laj 30-40 an ap konpoze nan bakaloreya, anpil moun fini bakaloreya, inivèsite, san yo pa konn fè anyen soryete a bezwen, san yo pa kapab sèvi ak konesans akademik yo pou yo sèvi soryete a. Sa ki

³ Madi 8 jen, Karibe Convention Center, konferans pou ouvè fowòm nan.

gen plizyè gwo diplòm inivèsitè yo fò nan fè dyagnostik Ayiti men pwoblèm yo anpire chak jou. Nan yon ka kon sa, èske defi a se **rebatì** lekòl oubyen **refè** lekòl ?

5. Lide pou ekilibre pwopozisyon yo

5.1. Edikasyon pou tout moun nan lang tout moun, daprè kontèks sosyal la

Edikasyon syantifik, modèn, efikas, pa ka fèt pou tout moun nan okenn peyi nan lang 2 % popilasyon an sèlman pale, konprann nan divès nivo. Si nou vle refè lekòl se premye pri pou nou peye. Se yon kondisyon pou lokal fakilte syans k ap anseye jeni sivil sispann tonbe sou pwofesè beton, pwofesè baz konstriksyon, eks. Se yon kondisyon pou aprantisaj yo dirab, itil, pratik.

Lekòl se lekòl pou tèl gwoup ki nan tèl sitiyasyon. Se yon domèn kote koupe kole pa ka bay rezulta valab. Nou oblige kreye lekòl pou Ayiti jodi a, pou nou prepare n pou defi denmen yo, si nou vle chanje reyalite a ak yon kad teyorik, syantifik, pratik ki valab pou n renouve sistèm nan firanmezi lasyans ak teknoloji ap fè pwogrè epi bezwen sosyete a ak rès monn lan ap chanje. Saint-Exupéry (1939 :14) di: « (...) un spectacle n'a point de sens sinon à travers une culture, une civilisation, un métier.». E li gen rezon.

5.2. Dispozisyon pratik pou diskou a tounen reyalite

Pwodiksyon mànyèl an kreyòl ki entegre bezwen konesans aktyèl peyi a, fòmasyon anseyan pou yon novo lekòl, ogmantasyon ak bon jesyon bidjè edikasyon pou pouse yon sistèm modèn, sibvansyon lekòl prive san elime jesyon prive.

5.3. Valorizasyon konpetans lokal ak esperyans inivèsèl

Tande chèchè, pedagòg ayisen ki oze pwopoze yon sistèm edikatif syantifik ki deranje tradisyon an etan nou rete ouvè pou n aprann nan esperyans lòt peyi ki ranvèse tradisyon echèk masif la, peyi Mali pa egzanp.

Dènye koze

Analiz plan sa yo montre yon reyalite nou tout te deja konnen : dirijan nou yo ak plizyè moun ki vle ranplase yo oubyen ki gen yon reskonsablité enpòtan nan fonksyonman peyi a pa klè sou kote yo vle mennen peyi a. Plizyè nan plan divès sektè pwopoze yo sezi moso oubyen kèk moso nan reyalite yo konnen an, san yo po ko prepare okenn plan vre. Malgre se sou aspè lengwistik ak edikasyon an m te konsantre lespri mwen, kòmantè anpil lòt entèvenan sou lòt domèn fè m anvi kwè sa vre an jeneral.

Ki chwa sitwayen mwayen an genyen nan yon sitiyasyon kon sa? Kòm inivèsitè, devwa pa nou se analize, chache konprann, pwopoze, enfliyanse desizyon otorite yo. Malgre nou

kòmanse an reta, nou dwe toujou espere lasyans ap genyen konba a sou tradisyon chanje plan san chanje reyalite a.

Bibliyografi

DEJAN, Iv. 2006. Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba. FOKAL : Pòtoprens.

FRANÇOIS, Pierre Enocque. 2010. Politiques éducatives et inégalités des chances scolaires en Haïti. Éditions de l'Université d'État d'Haïti : Port-au-Prince.

MAIRE, Charles-Daniel. 2006. Parole de Dieu et cultures des hommes : De la nature à la Culture, De la Culture au culte du Dieu de la Bible. Editions Ligue pour la lecture de la Bible : VALENCE Cedex. (collection Bible et Culture).

SAINT-EXUPERY, Antoine (de). 1939. Terre des hommes. Gallimard: Paris.

Pwof. Lemèt Zefi
Fakilte Lengwistik Aplike
ak Lekòl Nòmal Siperyè
Inivèsite d Eta d Ayiti
10 jen 2010
Imèl: lemete2002@yahoo.ca